

Konferans Sitwayen pou yon Solisyon Ayisyen pou Kriz la

Akò 30 daout 2021

Deklarasyon prensip

Depi de (2) syèk, **pèp ayisyen an pa janm sispann kanpe anfas yon Leta antinasyonal**, yon Leta ki toujou anba kontwòl pisans entènasyonal yo. Nan tout batay pèp la ap mennen, li pa janm sispann montre volonte li pou nou jwenn yon lòt kalite Leta ki pou sèvi enterè jeneral pèp la ak peyi a. Jodi a, pa ka gen reparasyon sou po nan enstitisyon yo pou kalite debwataj ki genyen ant Leta anti nasyonal sa a ak Nasyon an. **Lè a rive pou koupe fache**. Pèp ayisyen vle rechapante avni li san li pa mele ak Leta sa a k ap jere peyi a nan konbinezon mafya lokal ak mafya etranje.

Nou menm Ayisyen, fi kou gason, pitit peyi a, se konsiderasyon sa yo ki ba nou fòs pou nou deklare **nou pap negosye yon pous nan dwa pou nou viv kòm moun, dwa pou nou viv nan libète, dwa pou tout moun jwenn menm opòtinite, dwa nou genyen sou richès nasyonal yo ki se pwopriyete nou tout, tout dwa sa yo se rezilta batay tèt ansanm nou mennen zam alamen epi viktwa politik**. Nan menm sans lan, nou deklare pwoteksyon dwa sa yo ak transparans gouvènans demokratik la dwe chita sou patisipasyon enklizif sitwayen yo nan konstriksyon enstitisyon Leta yo epi nan kontwòl fonksyonman yo.

Pou nou fini, an akò ak Ak Endepandans Ayiti premye janvyè 1804 la, ak Chat 1945 Nasyonzini a, ak Pak Entènasyonal 1966 la sou dwa sivil ak politik ki rekonèt dwa tout nasyon nan detèminasyon tèt yo, dwa pèp ayisyen an genyen pou li deside an granmoun ki fòm rejim politik li vle bay peyi li, se yon verite ki san diskisyon. Se sa nou jwenn nan Konstitisyon peyi a ki chita sou libète fondamantal yo, sou respè dwa moun, sou lapè sosyal, sou ekite nan zafè ekonomi, sou konsètasyon ak patisipasyon tout sitwayèn ak sitwayen nan tout gwo desizyon ki angaje lavi nasyon an.

Sitwayèn, sitwayen, nou menm ki se premye potomitan souverènte nasyonal la, reskonsab politik, fi kou gason, se nou menm ki reskonsab devan nasyon an pou chache yon solisyon pou kriz peyi nou an ap viv la. Devan espektak kote Leta a ap disparèt jouk li kraze, nou gen obligasyon pou nou konsève gany demokratik pèp nou an rache nan anpil lit ak sakrifis.

Nou genyen pou nou bay tèt nou garanti nou ka viv ansanm nan yon sèl desten, pou nou pa fè bak nan konkèt demokratik yo epi retounen nan yon rejim ki kwape tout dwa nou yo.

Sitwayèn Sitwayen, an nou tout kanpe ansanm kont sovajri, pou lavi, pou Nasyon nou an ka reprann jèvrin epi pou yon pibon viv ansanm.

Deklarasyon anvan angajman

Nou menm reprezantan yon pakèt òganizasyon sosyete sivil la ak òganizasyon politik ki siyen akò sa a, ki konsidere nou se Pati nan akò sa a ;

Nou te reyini nan Pòtoprens jou ki te lendi 30 dawout 2021, apre yon pwosesis dyalog ak negosyasyon nou fè ant Ayisyen nan kad travay Konferans Sitwayen pou yon solisyon Ayisyen pou Kriz la, pou nou kapab sòti nan enpas politik la ;

Apre yon analiz an pwofondè sou sitiyasyon peyi a ak yon evalyasyon mak fabrik kriz ki chak tanzantan ap enpoze sistèm politik la fonksyone;

Ak detèminasyon pou nou travay pou bay kontribisyon pa nou pou konbat pwofondè kòz ki mennen nou kote nou ye jodia ; epi chache yon veritab solisyon nasyonal ki chita sou ranmase souvèrènte nasyonal la nan yon demach inite nasyonal ki respekte enterè jeneral la ;

Ak konsyans nou genyen tout mezi gouvènman defakto yo ap pran depi lè yo te deklare manda Palman an bout jou 13 janvye 2020 an, yo rann kriz la pi malouk, sa ki lakòz yon nòmalizasyon demokratik vini pi difisil ;

Paske nou voye jete tout dekrè ak lòt desizyon enkonstitisyonèl gouvènman defakto yo pran ;

Nan lidè pou nou evite yon sitiyasyon latwoublay san kontwòl ak vyolans ki ka frape tout popilasyon an, epi, pou evite kèlkeswa menas kont souvèrènte nasyonal la ;

Paske nou rekonèt mekanis ki prevwa nan konstitisyon an pa aplikab nan sitiyasyon peyi a lage ak lanmò ansyen prezidan an ;

Nou konstate depi yo voye Palman an ale, pi rès apre chèz prezidan an vid, pa gen okenn enstitisyon nan Leta ki kenbe souvèrènte nasyonal la ;

Ak konviksyon fòk nou retabli lòd demokratik nan eleksyon onèt pou nou retounen nan nòm konstitisyonèl yo ;

Lè nou konstate sistèm elektoral ki la a limite seryezman patisipasyon elektè yo epi dekouraje popilasyon an pou li egzèse dwa vòt li ;

Lè nap chache fè popilasyon an rebran konfyans nan eleksyon nan peyi a ak nan dirijan li yo, fi kou gason, nou wè sa mande yon reòganizasyon sistèm elektoral la, travay tou pou kreye yon klima sekirite ki pou garanti yon estabilite politik k ap rete lontan ;

Paske nou rekonèt li ijan pou estabilite retounen nan peyi a epi pou nou aplike règ bon gouvènans ak transparans nan jesyon Leta a, nan respè dwa moun, nan lajistis, epi nan lit kont enpinite nan peyi a ;

Paske nou redi atachman nou pou prensip nasyonal demokratik yo ak enstriman entènasyonal Ayiti adopte ;

Avèk nan lespri nou tout lòt Akò ki te fèt anvan, ak tout kalite difikilte aktè yo te rankontre pou yo te aplike yo epi fè swivi yo ;

Nou gen konviksyon ke sèl wout serye pou nou sòti tout bon vre nan kriz kote nou ye sa a se rekou nan vitalite esfe sosyal la. Se paske se sèl sektè òganize sosyete a ki kapab kanpe anfas aksyon yon Leta kote kontradiksyon ant fòs ekonomik ak politik k ap kontwole l yo ap dechire l pak-an-pak.

Nou antann nou sou pwen sila yo:

TIT I : DISPOZISYON JENERAL

Atik 1.- Objektif akò sila a se kreye kondisyon pou peyi a jwenn establiite dekwa pou nasyon an ka retounen nan nòmaliite konstitisyonèl ak nan retablisman lòd demokratik la. Akò a tabli sou eleman ki endispansab pou sosyete a jwenn yon solisyon pou kriz la nan tèt ansanm.

Atik 2.- Òganizasyon nan sosyete sivil la ak òganizasyon politik ki angaje yo nan Akò sila a, ke nou rele “Pati” yo, konfime atachman yo nan valè sa yo:

1. Nou respekte souvènte Leta a, kankou fòm Leta a ki se yon repiblik ak tout eskap demokratik epi layik li ;
2. Nou kwape vyolans kòm mwayen pou fè mesaj politik pase ; nou kwè nan wout dialòg ak konsètasyon pou rezoud pwoblèm divèjans ;
3. Nou kwè nan egalite, libète, diyite moun, ansanm ak tout lòt libète fondamantal yo ;
4. Nap batay kont koripsyon ak enpinite ;
5. Nou kwè nan transparans ak redisyon kont.

Atik 3.- Pati yo pran angajman pou yo aplike entegralman Akò sila a ak tout dispozisyon ki ladan l. Yo pran angajman pou yo respekte rezilta travay Konferans Nasyonal Souvren an.

Atik 4.- Pati yo rekonèt sèl garanti pou Akò a bay rezilta se senserite, bònfw ak sans responsablite yo nan aseptasyon ak aplikasyon pwen ki nan Akò a. Yo rekonèt yo genyen pou yo travay pou aplike tout pwen ak dispozisyon ki nan Akò a nan enterè jeneral popilasyon an, sitou kouch moun nan popilasyon an ke kriz la frape pi plis. Li klè tout popilasyon ayisyènnan, sitou nan kad òganizasyon li yo, genyen pou li kanpe djanm pou fè respekte tout sa ki nan Akò sa a.

Atik 5.- Pou garanti gouvènans politik la, Pati yo dakò pou mete yon gouvènman bisefal ki kopye sou rejim konstitisyonèl nou jwenn nan Konstitisyon 1987 la.

TIT II : GOUVÈNANS POLITIK AK ÒGANN TRANZISYON AN

Atik 6.- Akò sa a se bousòl gouvènman tranzisyon an. Tout atik nan konstitisyon 1987 la ki pa depaman ak Akò a ap kontinye aplike.

Atik 7.- Pou tranzisyon an byen pase, pou ranplase vid enstitisyonèl ki genyen nan pouvwa egzekitif, lejislatif ak jidisyè yo, epi pou yo kapab ranpli misyon abityèl yo kòm sadwa, Akò a ap mete sou pye ògann sila yo :

- a) Biwo ki pou fè swivi aplikasyon Akò a (BSA) - (Anèks 1)
- b) Konsey Nasyonal Tranzisyon an (KNT) ki pou chwazi Prezidan osnon Prezidan Tranzisyon an ak chèf.e gouvènman a (Anèks 2)
- c) Ògan Kontwòl Tranzisyon an (OKT) pou kontwole Pouvwa Egzekitif la (Anèks 3)

Anèks 1, 2 ak 3 di aklè ki wòl, fonksyon ak obligasyon chak nan ògann sa yo genyen, ki jan yo monte yo epi ki jan yo fonksyone.

Atik 8 – Akò a kreye yon Konsèy Nasyonal Tranzisyon (KNT). Se reprezantan divès sektè sosyal ak sektè politik ki fòme KNT a. Sektè sosyal ak sektè politik yo ta dwe genyen menm kantite reprezantan fanm ke reprezantan gason – kidonk parite - nan KNT a.

Pou chak sektè sosyal ap genyen yon òganizasyon ki pral fè kòdinasyon ant tout lòt òganizasyon yo pou chazi reprezantan sektè a nan KNT a.

Òganizasyon peyizan	2	4 Ge Kontre
Òganizasyon kap defann dwa fanm	2	Platfòm Òganizasyon Feminis
Òganizasyon ak defann Dwa Moun	2	Platfòm Òganizasyon Dwa Moun (POHDH)
Òganizasyon sosyopwofesyonèl	2	Fowom Sosyopwofesyonel Ayisyen (FPSPA)
Sektè prive institisyonel	2	Chambre de Commerce et d'Industrie d'Haiti (CCIH) Chambre des Metiers et de l'Artisanat
Inivèsite	2	Universite d'Etat d'Haiti (UEH)
Òganizasyon sektè kiltirèl	2	Kolekti Atis Angaje (KATAN)
Legliz katolik	1	Konferans Episkopal
Legliz pwotestan	1	Federation Protestante d'Haiti
Legliz episkopal	1	Le Conseil de l'Eglise Episcopale
Kominote Vodou	1	Alovi Dahomey
Sendika yo	2	COSHARCO
Òganizasyon sosyokominotè	1	FONSOC
Òganizasyon popilè	2	MOLEGHAF
Petwochalangè	1	Nou Pap Domi
Ayisyen k ap viv aletranje	3	Forum Haitien pour la Paix et le Développement Durable (FOHDD)
Total :	27	

Men reprezantasyon pou pati ak regwoupman politik yo :

OPL	1
RSD	1
MOPOD	1
FPP (RASIN KAN PEPE, AKAO, KONTRAPEP)	2
PITIT DESSALINES	1
SDP	1
PEN	2
ANFOS - MOLAH	1
UNIR - LOD DEMOKRATIK	1
TIERS SENAT	2
FANMI LAVALAS	2
PHTK et ALLIES	1
IPAM - MTC	1
KONBIT	1

MATRIS LIBERASYON - CONACOM DU RENOUVEAU	1
ANTANT POU TRANZISYON KOUPE FACHE	1
ASO/PPRN	1
RPH	1
PADEM	1
MTV	1
Total :	25

Atik 9.- Nan trant (30) jou apre enstalasyon li, gouvènman an ape kreye epi enstale yon seri ògann endepandan ki reponn dirèkteman ak Prezidans tranzisyon an pou trete yon seri gwo dosye ki priyorite nan tranzisyon an, tankou :

- Biwo konferans nasyonal souvrèn lan. Kesyon konstitisyon an ak sistèm pati politik yo ap gen priyorite nan ajanda konferans nasyonal souvrèn lan.
- Yon komisyon ki pou trete kesyon idantifikasyon sitwayèn ak sitwayen, ak sistèm electoral la.
- Yon komisyon Jistis ak Verite

Nan swasant (60) jou apre enstalasyon konferans nasyonal souvrèn an kesyon chanjman ki pou ta fèt andedan konstitisyon an, oswa tabli yon asanble konstitiyan, ap trete.

Gouvènman an genyen pou li reyalize evalyasyon sistèm elektoral la, epi pou li tanmen kèlkeswa refòm li jije ki endispensab dekwa pou li garanti dwa sitwayen yo (fi kou gason) pou yo egzèse dwa vòt yo.

TIT III : MISYON, MANDA AK DIRE GOUVENMAN TRANZISYON AN

Atik 10.- Misyon gouvènman tranzisyon an se retabli fonksyonman nòminal Leta a, ranfòse administrasyon piblik la, garanti bon fonksyonman enstitisyon jidisyè yo epi tabli yon trankilite sosyal ki pou pèmèt reyalizasyon konferans nasyonal la ak òganizasyon eleksyon yo.

Pou li fè sa, gouvènman an ape genyen pouvwa sila yo :

- Aplike fèy wout la, ki fè pati entegral Akò a;
- Mennen politik piblik epi garanti bon fonksyonman administrasyon piblik la ;
- Òganize rekritman ak nominasyon fonksyonè ak anplwaye Leta yo, espesyalman pou ranplase eli lokal nan kolektivite teritoryal ke manda yo te fini ;
- Fòme biwo ak komisyon endepandan ki prevwa nan Akò a epi ba yo mwayen pou yo kapab ranpli manda yo kòrèkteman ;
- Evalye sistèm elektoral la epi fè refòm ki pou pèmèt peyi a reyalize bon jan eleksyon transparant ak patisipatif.

Atik 11.- Tranzisyon an ap dire ventkat (24) mwa apati dat gouvènman tranzisyon an enstale.

Atik 12.- Dis (10) senatè ki toujou an fonksyon ape kontinye nan pòs yo jis manda yo bout. Yap kapab fè pwopozisyon, bay lide ak rekomandasyon sou tout pawòl ak tèks lejislatif ki gen pou wè ak sa sena Repiblik la kònn trete. Men gouvènman an pap oblije aplike rezolisyon yo pran.

Atik 13.- Sou baz pwopozisyon òganizasyon lokal yo, gouvènman an ape nonmen ajan egzekitif enterimè yo nan tout komin nan peyi a. Yo va rete nan pòs yo jis lè nouvo otorite lokal ki sòti nan pwochen eleksyon yo enstale.

Atik 14.- Se ògan kontwòl tranzisyon an ki va deside sou pouvwa, òganizasyon, mwayen ak fonksyonman kolektivite lokal yo pandan peryòd tranzisyon an ; se pouvwa egzekitif la ki va pwopoze règleman sa yo apre li fin evalye sitiyasyon yo. Evalyasyon sa a gen pou fèt pou pi ta twa (3) mwa apre enstalasyon Prezidan tranzisyon an ak chèf gouvènman an.

Atik 15.- Aksyon administratif otorite yo (bidjè Repiblik la, kad pou eleksyon yo...) ape gen fòs lalwa apre OKT a fin bay akò l sou yo.

Atik 16.- Tout dekrè ki te pran apre palman an vin disfonksyonèl ap elimine genyen ladan yo ki ta kapab reevalye. Tout nominasyon ilegal ak abitrè ap elimine tou.

TIT IV - SOU PWOGRAM TRANZISYON AN

Atik 17.- Alapapòt Pati yo rekonèt se **gran liy pwogram nan ki bay oryantasyon politik jeneral pou Gouvènman an swiv ki nan Akò a**. Pati yo ap genyen pou yo konplete, detaye pwogram sa a nan yon dokiman swivi ak akonpayman k ap tou genyen yon kalandriye egzekisyon ak bidjè ki mache avèk li. Pou fè sa, Akò a prevwa pou yo chache konkou nan men sektè sosyopwofesyonèl lan pou definisyon ak prezantasyon teknik dokiman swivi ak akonpayman an.

Atik 18.- Pati yo pran angajman pou yo patisipe nan montaj dokiman swivi ak akonpayman pou tranzisyon an ki pou pote repons konkrè rapid sou sitiyasyon malouk majorité popilasyon an ap viv. Dokiman sa a ap fikse gwo priyorite pou aksyon gouvènman an ak pa tout ògan estratejik ki mete anplas pou jere tranzisyon an. Ap genyen yon kalandriye pou reyalize chak nan gwo priyorite sa yo. Dokiman swivi ak akonpayman an ap chita sou **gran liy pwogram** sa yo :

- Sistèm elektoral la, enteresman sitwayen ak sitwayèn yo nan politik piblik yo, ak kesyon desantralizasyon leta a
- Sekirite piblik
- Jistis ak dwa moun
- Koripsyon ak enpinite
- Ijans ekonomik
- Sante ak jesyon ijans Covid-19 la
- Konferans nasyonal souvren an
- Agrikilti ak otonomi alimantè
- Pwoteksyon sosyal
- Edikasyon
- Lakilti
- Anviwònman plis jesyon risk ak dezast
- Koperasyon entènasyonal ak diplomasi Ayiti

Dokiman swivi Akò a pa retire obligasyon jeneral yon gouvènman pa rapò avèk atik Konstitisyon an ki anvigè oubyen parapò ak lwa peyi a. Li se yon zouti ki pèmèt oryante epi evalye peryòd tranzisyon an parapò ak prensipal atant pifò popilasyon an ekprime.

Sou sistèm elektoral la

Atik 19.- Gouvènman tranzisyon an genyen pou li garanti transparans ak kredibilite pwochen eleksyon jeneral yo pou li pèmèt kèlkeswa Ayisyen (fi kou gason) jwi dwa pou yo ekprime dwa vòt yo lib e libè, egal ego. Eleksyon jeneral yo, prezidansyèl, lejislatif ak lokal, ap fèt sou tout teritwa nasyonal la nèt.

Pou kenbe klima konfyans nan dewoulman aktivite eleksyon yo, Prezidan pwovizwa a ak Premye Minis la p ap ka kandida nan pwochen eleksyon yo ni pou eleksyon prezidansyèl ni pou eleksyon lejislatif yo.

Sou sekirite piblik

Atik 20.- Pouvwa tranzisyon an genyen pou pi piti, pou li garanti omwens pou tout moun ak tout machandiz kapab sikile lib e libè nan tout peyi a. Nan sans sa a zak gang ame yo k ap enpoze kominikasyon fèt ant diferan zòn nan peyi a, osnon bloke aksè ak katye kote anpil moun ap viv, sa dwe sispann. Pwemye pwen nan dokiman swivi a sou kesyon sekirite, se pral yon evalasyon KSPN (Konsèy Siperyè Polis Nasyonal) (CSPN) la sou kapasite diferan enstitisyon ki gen pou wè ak chèn sekirite a, kit se kapasite lidèship direksyon yo, kit se resous yo jwenn. Pami enstitisyon sa yo genyen:

- PNH
- Ògann espesyalize nan ministè Lajistis ak Sekirite piblik

KSPJ ap genyen pou li fè menm travay sa a ak tribinal yo sito sa ki ap fonksyone nan katye sansib sou kesyon sekirite.

Anjeneral, pouvwa tranzisyon an pral adopte yon apwòch ki konbine plizyè lide pou yo ka jwenn repons konkrè pou pwoblèm k ap grennen delenkan nan sosyete a, konbat majinalizasyon ki pèmèt gang yo jwenn bra pou yo rekrite. Gen mezi espesyal k ap pran ak rezilta vizib pou kreye travay, amelyore kondisyon lavi moun k ap viv nan katye ki gen gwo konsantrasyon moun.

Sou lajistis ak dwa moun

Atik 21.- Sou kesyon lajistis ak respè dwa moun objektif gouvènman tranzisyon an se remete lapè nan vil yo epi fè sitwayen yo reprann konfyans nan enstitisyon yo. Mezi sekirite pral pran pou pèmèt tribinal yo fonksyone nòmalman nan dizwit (18) jiridiksyon peyi a.

Atik 22.- Depi pouvwa tranzisyon an fin enstale, l ap mobilize aksyon piblik kont sitwayen ki sispèk ke yo konplis nan divès zak vòlè ak detounman lajan Leta, nan gagòt ki fèt nan fon Petwokaribe yo, nan vyòl, kidnaping, asasinay, masak ki fèt sou popilasyon an nan Lasalin, Bèlè, Delma 32, Matisan anpatikilye.

Atik 23.- Akò a prevwa yon fon reparasyon pou viktim yo. Popilasyon ki viktim masak oswa deplasman ap resevwa sekou an ijans epi Leta ap retabli yo nan dwa yo. Ap gen mezi espesyal ki ap pèmèt moun ki te oblije deplase retounen, sitou moun Matisan, Bèlè, Lasalin, Delma.

Atik 24.- Gouvènman an genyen pou li veye pou peryòd tranzisyon an pa tounen okazyon pou moun fè ekzakasyon ak lòt zak vanjans ki ka kontrarye rechèch amoni nan mitan Nasyon an.

Atik 25. – Gouvènman tranzisyon an pral konplete konpozisyon KSPJ (Konsèy Siperyè Pouvwa Jistis) a pou dire tranzisyon an. Depi KSPJ a fonksyonèl epi rejwen misyon li yo, jan lalwa prevwa sa Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a (KSPJ) genyen pou li pwopoze nouvo jij ki pou nonmen, apre konpetans yo ak entegrite moral yo fin sètifye. KSPJ a genyen pou li prepare yon rapò sou fonksyònman lajistis peyi a. Rapò a ap prezante eta lajistis nan peyi a, l ap prezante yon dyagnostik ak yon latriye mezi pou ranfòse endepandans lajistis la ak bon fonksyònman li. Gouvènman tranzisyon an gen pou li elimine arete ki te pran dèyè lalwa ki mete sèten jij kou kasasyon, ki inamovib, alaretrèt. Gouvènman an ap konplete kou kasasyon an pou dire tranzisyon an dekwa pou li kapab fonksyone.

Sou koripsyon ak enpinite

Atik 26.- Yo dwe sezi jij enstriksyon an pou kèlkeswa arè debè Lakou Siperyè Kont ak Kontansye administratif (CSCCA) ta pwononse apre odit dosye Petwokaribe a. Jij enstriksyon yo dwe jwenn sipò teknik, sipò lojistik ak finansye plis sekirite sa mande pou yo ranpli misyon yo.

Atik 27.- Gen de (2) aspè nan misyon enstans ki pa endepandan yo k ap goumen kont koripsyon: odit ak ankèt administratif sou aktivite gouvènman anvan yo, yon bò, epi sou yon lòt bò kontwòl sou gouvènman tranzisyon an. Rapò sou travay enstans sa yo dwe ale jwenn Nasyon an sou yon baz peryodik pou ranfòse imaj ak lejitimite pouvwa tranzisyon an. Kòm enstitiyon endepandan, CSCCA genyen pou li rann rapò li yo piblik.

Sou kesyon ijans ekonomik yo

Atik 28.- Trant (30) jou apre enstalasyon gouvènman tranzisyon an, responsab DGI a ak responsab AGD a genyen pou yo prezante yon rapò sou sitiyaasyon enstitiyon sa yo ak yon plan pou ranfòsman kapasite kontwòl yo, kapasite pèsèpsyon ak verifikasyon yo. Yo dwe jwenn tout mwayen teknolojik yo bezween ki pou pèmèt yo amelyore sèvis y ap bay popilasyon an, pèmèt yo goumen kont koripsyon, epi ogmante transparans sou enpo, taks ak lòt dwa yo kolekte pou Leta a.

Atik 29.- Konsey administrasyon nan sekirite sosyal, nan antrepriz piblik ak nan òganis otonòm yo ap gen pou enstale.

Article 30.- Depi gouvènman an fin enstale, l ap konsantre sou preparasyon ak/osnon revizyon bidjè 2021-2022 a. OKT a genyen pou li valide bidjè a.

Article 31.- Politik agrikòl la pral revize pou garanti amelyorasyon ak pwoteksyon agrikilti fanmi peyizann nan. Gouvènman an ap mobilize mwayen pou pran yon seri mezi ki pou pèmèt revalorize peyizànri a, gras a divès kalite filyè pwodiksyon (agrikilti, agwoforè, elvaj, lapèch, atizana). Objektif la se rive nan souverènte alimantè a.

Article 32.- Gouvènman an genyen pou li angaje yon dyalòg sosyal fran ak pozitif avèk diferan sendika sektè piblik ak prive. Fonksyònman Konsèy siperyè salè yo dwe nòmalize pou revalorize salè nan fonksyon piblik la, espesyalman pou pèsònèl nan ansèyman ak pèsònèl nan lopital yo.

Atik 33.- Gouvènman an pran angajman pou li fè tout sa ki posib pou li rezoud kesyon aryere salè yo pou diferan kategori pèsonèl (anseyman, sante, etc). L ap fè ajistemen ki nesèsè yo nan kad yon dyalòg fran avèk travayè ki konsène yo, selon disponiblite fon piblik yo.

Sou sante, ijyèn piblik, jesyon ijans COVID-19 la ak tranbleman tè a

Article 34.- Gouvènman an ap fè tout sa ki posib pou li derape yon kanpay vaksinasyon kote l ap mete priyorite a sou moun ki pi frajil yo, selon disponiblite vaksen yo epi sou yon baz volontè.

Atik 35.- Gen yon atansyon espesyal ki pou bay nan politik sante a sou sa ki regade sante medam yo, sitou sante prevantif ak sante repwodiksyon. Timoun yo, andikape yo ak tout moun ki frajil an jeneral nan sosyete a dwe resevwa yo atansyon priyorite.

Atik 36.- Gouvènman an ap pran tout mezi ki nesèsè pou moun ki viktim nan gran Sid la lè tranbleman tè a jou ki te 14 dawout 2021 kapab rejwenn fanmi yo. Lap pran anchaj rapid-rapid ebèjman yo, manje, laswenyay ak lòt bezwen yo, avèk tout respè pou dwa imanité a.

Atik 37.- Pandan lap fè operasyon ijans yo Gouvènman an ap tabli yon plan relèvman ak devlopman investisman pou gran Sid la ki pou komanse depi ijans lan fini.

Sou Konferans nasyonal souveren an

Article 38.- Gouvènman an, nan entèval 30 jou apre enstalasyon li, ap genyen pou li nonmen yon komite k ap gen responsablite pou òganize Konferans Nasyonal Souvren plizyè sektè nan lavi nasyonal la ap reklame a. Konferans Nasyonal la se yon espas chita pale ak brase lide ki pou pèmèt Ayisyèn ak Ayisyen poze baz ak règleman pou yon nouvo pwojè sosyal. Depi Biwo a fin enstale lap genyen kat (4) mwa pou fè konsiltasyon nasyonal yo epi yon (1) mwa pou li remèt rapò final li ak sa li jwenn bay Nasyon an. Se Gouvènman transizyon an ki va resevwa rapò sa a pou li fè aplike li. Biwo a ape jwenn tout mwayen ki nesèsè nan men gouvènman an pou li kapab fè travay li nan tan ki deside pou sa.

Sou edikasyon

Atik 39.- Gouvènman Tranzisyon an ap ouvri chantye pou refòm Lekòl Sitwayen an k ap chita sou valè sa yo : egalite, entegrasyon, solidarite, pwomosyon lang peyi a, Istwa ak kilti peyi a pou aprenan yo ka prepare tèt yo pou kontribye nan transfòmasyon ekonomik ak sosyal Repiblik la epi pote kontribisyon yo kòm sitwayèn ak sitwayen responsab nan zafe Leta yo.

Gouvènman Tranzisyon an bay tèt li objektif sila yo : Remete kondisyon nòminal pou tout lekòl piblik yo kapab fonksyone, sitou nan depatman kote tranbleman tè 14 dawout 2021 ak tanpèt Grace te pase. Remete sou pye epi ogmante enspeksyon nan tout lekòl yo prive tankou piblik nan tout Repiblik la. Fè evalyasyon sitiyasyon pwofesè nan lekòl fondamantal yo, pou kalkile ki kantite pwofesè ak lekòl nòminal enstititè nou gen bezwen. Ogmante pwogram kantin skolè yo epi sèvi ak pwodwi lokal pou ede fanmi elèv yo ak anseyan yo, epi pou bay pwodiktè yo yon mache.

Sou lakilti

Atik 40.- Gouvènman an ap demare yon politik kiltirèl estwòdinè ki pou filtre nan tout domèn entèvansyon piblik yo. Yon politik kiltirèl ki pou inisye timoun yo nan lèza, nan tradisyon mès ak relijyon nou tout pandan l ap ouvè fenèt sou sa k ap fè nan lòt peyi sou latè. Menm jan yo anseye krisyanis nan lekòl yo, vodou a ap antre nan ansèyman nan lekòl yo nan kesyon relijyon.

Article 41.- Akò a prevwa tabli yon fon sipò pou atis yo nan limit disponiblite yo. Kondisyon pou atis yo ka gen aksè nan fon sa yo pral depann de sa ki sòti nan konsètasyon nan mitan asosyasyon yo ak lòt gwoup òganize nan sektè kiltirèl la.

Atik 42.- Malgre Leta genyen pou li ensiste sou mak fabrik layik li, li genyen pou li favorize yon viv ansanm nan amoni ak nan respè ant divès relijyon ki prezan sou tèritwa peyi a. L ap fè sa nan respè kwayans tout moun. Gouvènman an genyen pou li veve pou li evite kèlkeswa deriv ki ka mennen nan estigma ak vyolans sou kominote vodou a.

Sou anviwònman plis jesyon risk ak dezaz

Article 43.- Nan entèval yon mwa apre enstalasyon gouvènman an, l ap konvoke yon woumble sou anviwònman, sou chanjman klima ak sou jesyon risk ak dezaz. Objektif konvokasyon an se : idantifye bezwen yo ak mobilizasyon mwayen ki pou pèmèt yo jere kesyon anviwònman an nan ijans.

Sou kesyon koperasyon entènasyonal ak diplomasi Ayiti a

Atik 44.- Gouvènman an pral devlope yon strateji korèk epi efikas dekwa pou li defini epi mobilize resous ki nesèsè pou li kapab fè fas ak chay tranzisyon an.

Atik 45.- Refòm nan fonksyon diplomasi a ap fèt sou baz re-evalyasyon reprezantasyon diplomatik peyi a aletranje ansanm ak misyon yap bay diplomasi a nan dokiman swivi ak akonpayman an.

TIT V : DISPOZISYON FINAL

Atik 46.- Règleman pou yo aplike akò ap antre nan akò a tankou yon anèks lè Biwo swivi a fin siyen li.

Atik 47.- Sèl kondisyon pou yo modifiye dispozisyon ki nan akò sila ansanm ak tout sa ki nan anèks yo, se si tout pati yo bay konsantman ekspres yo.

Atik 48.- Anèks yo fè pati Akò a, epi yo gen menm valè ak lòt dispozisyon ki nan kò tèks la, nan deklarasyon anvan angajman, nan deklarasyon prensip la.

Atik 49.- Akò sila a ap antre an vigè depi Pati yo fin siyen li epi l ap pibliye nan Jounal Ofisyèl peyi a “Le Moniteur” apre enstalasyon Gouvènman Tranzisyon an.

Akò sa a fèt nan Pòtoprens nan dat 30 dawout de (2) mil venteen (2021).

Men moun ki siyen pou Pati yo: